# DÓRETIWSHINIŃ KEWIL KESHIRMELERI

**Eshanova Zoya,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi tábiyat bólimi baslıǵı*

**Matkarimova Gulchiyra,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi hám muzeydiń bas qániygesi.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606013

***Annotaciya.*** *bul maqalada kórkem súwretlew ónerinde músinshilik tarawınıń qáliplesiw hám rawajlanıw basqıshları, XX ásirge kelip taraw retinde qáliplesiwi hám ondaǵı dóretiwshiler menen bir qatarda Azat Seytimbetovtıń qosqan úlesi, onıń biybaha dóretpeleriniń muzeydegi ornı hám áhmiyeti haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler***: *músinshilik, obraz, portret, ekspoziciya, kompoziciya, dekoraciya.*

***Annotation.*** *This article discusses the stages of formation and development of sculpture in fine arts, its formation as a field by the 20th century, and the contributions of Azat Seytimbetov alongside other artists, as well as the place and significance of his unique works in the museum.*

***Keywords:*** *sculpture, image, portrait, exposition, composition, decoration.*

Ózbekstan kórkem ónerinde jergilikli músinshilik mektepleriniń qáliplesiwi hám tariyxıy rawajlanıw basqıshların úyreniw áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp kelmekte. Jetekshi músinshiler dóretiwshiliginde milliyliktiń sáwleleniwi menen keńirek tanıstırıw maqsetinde, olardıń shıǵarmaların kórsetip barıw hám úgit-násiyatlaw kórkem ónerimizdiń búgingi kúndegi baslı máselelerinen biri sanaladı.

Milliy kókem ónerimizdiń rawajlanıwında  ham milliy mádeniyatımızdıń shet ellerde kórsetilip barıwında Qaraqalpaqstan músinshileri de óz úleslerin qosıp kelmekte. Qaraqalpaqstan músinshiligi kórkem ónertanıwshı ilimpazlar R. Taqtash, A. Hakimov, G. Babajanova, A. Umarov, A. Allamuratov hám T. Urazimovalar tárepinen úyrenilgen. A. Allamuratov “Qaraqalpaqstan isskustvosınıń tariyxı” kitabında Qaraqalpaqstan súwretlew óneriniń músinshilik tarawınıń ózine tánligin úyrener eken, shıǵarmalardıń ideyalıq mazmunı hám músinshilerdiń dóretiwshilik izlenislerine ayrıqsha toqtalıp ótken.

Qaraqalpaq jerinde músinshilik elementleri b.e.sh. gi dáwirlerden baslap ushırasadı. arxeologiyalıq qazıw jumıslarınıń barısında Topıraqqala, Qoyqırılǵan qala, Ayazqala sıyaqlı áyyemgi qalalardan adam, haywan hám mifologiyalıq obrazlar súwretlengen terrakota figuralar tabılǵan. Bul tabılmalar sol dáwirlerde obrazdı formada oylaw, kólemli músin jasaw sıyaqlı dástúrlerdiń bolǵanlıǵınan dárek beredi. Sonday-aq orta ásirlerde yaǵnıy islam mádeniyatı keń en jayǵan keyin tiri jandı súwretlewge sheklewler, tıyım salıwlar kúsheygen. Sol sebepli músinshilik tolıq joyılıp ketpey, kóbinese arxitekturalıq dekoraciya túrinde-oyıp naǵıslaw, relef, simvolikalıq belgiler arqalı rawajlandı. XIX-XX ásirlerge kelip qaraqalpaq xalqınıń

dástúrli qol ónerinde aǵash oyıw, zergerlik, súyek oyıw sıyaqlı kólemli formalar en jaydı. Qaraqalpaq qol óneri mınaday turlerge belinedi: zergershilik, keste tigiw, gilem hám qur toqıw, agashqa naǵıs oyıw, suyekke hám terige naǵıs oyıw hám

basqalar. [1.15] Bul xalıq ustalarınıń keńislik forma menen islew qábileti bar ekenligin kórsetti, yaǵnıy klassik músinshilikke tiykar bolǵan estetikalıq baza qáliplesti. Al naǵız professional músinshilik óneri Qaraqalpaqstanda XX ásirde qáliplesti. Bul dáwirde kórkem bilim sisteması jolǵa qoyılıp, Tashkent, Moskva, Leningrad qalalarında oqıǵan qaraqalpaq jas ustaları elge qaytıp, monumental hám stanoklı músinshilik janrların rawajlandırdı. Jámiyetlik orınlarda tariyxıy tulǵalarǵa, miynet adamlarına arnalǵan estelikler ornatıla basladı.

Qaraqalpaqstanda músinshilik ónerinıń payda bolıwı tereń tariyxıy tamırlarǵa iye bolǵanı menen, professional taraw retinle ol XX ásirde ǵana tolıq qáliplesti. Áyyemgi terrakota músinleri onıń arxeollogiyalıq tiykarı bolsa, al XX ásir házirgi músinshilik mektebiniń baslanıwı bolıp tabıladı. Ǵárezsizlik dáwirinde Ózbekstan músinshiligi rawajlanıw basqıshların bastan keshirdi, xalqımız tábiyatın, milliy baylıqların ashıp beriwde ózine say jetiskenliklerge eristi. Kórkem ónerdiń basqa tarawlarındaǵı ózgerisler, alǵa ilgerilewler músinshiliktiń jáne de rawajlanıwına tiykar boldı. Sonday-aq A. Allamuratovtıń «Qaraqalpaqstan isskustvosınıń tariyxı» kitabında Qaralapaqstan súwretlew ónerinıń payda bolıwı hám qaraqalpaq xudojnikleriniń jetisip shıǵıwı haqqında bahalı maǵlıwmatlar keltirilgenin mısal etip keltirsek boladı. Qaraqalpaqstan kórkem súwretlew ónerinde tek reńli hám maylı boyaw túri ǵana emes, al sonıń menen birge músinshilik tarawı da aytarlıqtay dárejede rawajlanǵan. Bul janrda dóretilgen jergilikli talant iyeleriniń shıǵarmaları keń jámiyetshilikke jaqınnan tanıs. Qaraqalpaq jerindegi birinshi músinshilik jumıs 1944-jılı rus skulptor xudojnigi Klobukova Zinaida Dimitrievna tárepinen islengen. Bul jumıs «ana» dep atalıp, ekinshi jer júzlik urıs jılları urısqa atlanǵan perzentinen xat alǵan hám perzentiniń aman-esen elge oralıwın úmit penen kútip otırǵan ananı súwretleydi. Bul músin búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi kórgizbesinen orın alıp, tamashagóylerdiń dıqqatın ózine tartıp, oy salatuǵın eń súyikli shıǵarmalardıń biri.

XX ásirlerde qaraqalpaq músinshilik kórkem óneri 1960-jıllardan baslap kózge taslana baslaydı. 1960-jıllardıń dáslepki músinshilerinen Q. Berdimuratovtıń dóretiwshiligi ózine tán. Q. Berdimuratov kitap illyustratorı, sonıń menen ol skulpturalıq, jivopislik shıǵarmaları menen de belgili. Onıń shıǵarmalarınan A. Musaevtıń gipsten islengen byustında tek sırtqı uqsaslıqtı beriw menen ǵana sheklenedi. T. Shevchenkonı súwretlegen kishi formadaǵı skulpturalıq portretinde bolsa (1963) shayırǵa tán oyshıllıq, tvorchestvolıq qıyal paytı kórsetilgen. [1.46] Qaraqalpaq músinshiliginiń rawajlanıwında jáne bir dóretiwshi J. Qutlımuratov 1960-jıllardıń basında óziniń grafik shıǵarmaları menen Nókistegi kórgizbelerde qatnasa baslaydı. J. Qutlımuratov kópshilik shıǵarmalarında milliy kiyimlerdiń elementlerin kishkene kólemdegi músinlerde sáwlelendiredi. Ol «tóbelik kiygen qız», «sáwkele kiygen qız» atlı dóretpelerinde milliy qaraqalpaq ámeliy kórkem óner dóretpeleriniń

músinshilik dóretpelerindegi kórinisin sınap kóriw arqalı xarakterli obrazlardı jaratıwǵa umtıladı. [1.50,51] Qaraqalpaq hayal-qızları arasınan shıqqan músinshi Damegul Berdimuratova bolıp, ol milliy mádeniyattı úgit-násiyatlawshı xudojnik músinshi tulǵalardıń biri sanaladı. Onıń biziń muzeyimizde "ayt sen Ajiniyazdıń qosıqlarınan" - degen músinshilik jumısı uzaq jıllar dawamında muzey kórgizbesinen orın alıp, tamashagóylerdi tolqınlandırıp keledi. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyinde saqlanıp atırǵan xudojniklerdiń birqansha miynetleri, yaǵnıy dóretpeleri keń jámiyetshiliktiń dıqqat itibarların tartıp, qızıǵıwshılıq oyatıp kelmekte. Solardıń qatarında belgili músinshi Azat Seytimbetovtıń jumısları ılayıqlı orın iyeleydi. Onıń "Posqan el", "Baba diyqan", "Ana", "Oylanıw", "láylek", "aral qosıǵı", "Ǵodalaq", "Qıshqırıq", "Aral qáweteri", "ana tábiyat", "haq gul", "tolqın", "aralım meniń ármanım" atlı músinshilik jumısları muzey fondınıń biybaha eksponatları qatarınan orın alǵan. Qaraqalpaq dóretiwshileriniń izbasarı sıpatında dóretiwshilik jolın tańlaǵan Azat Seytimbetov ta qaraqalpaq kórkem óner tariyxında bir qansha súwretlew hám músinshilik shıǵarmalar dóretedi. Onıń dóretiwshiligi Qaraqalpaq músinshiliginiń rawajlanıwında realizm, milliylik hám filosofiyalıq mazmundı birlestirgen jańa baǵıttı kórsetedi. Onıń shıǵarmaları tek ǵana kórkem obekt emes, al xalıqtıń ruxıy dúnyasın, tariyxın hám zamanagóy máselelerin sáwlelendiretuǵın estetikalıq qubılıs bolıp tabıladı.

Azat Seytimbetov 1963-jılı 15-fevralda Nókis qalasında tuwıladı. Ol kishkeneliginen muzıka mektebiniń súwretlew bólimine qatnap, bul ónerdiń sırların dáslepki ustazı, tájiriybeli oqıtıwshı Jeńis Lepesovtan úyrendi. Sol waqıtları salǵan «ana hám bala» súwretleri Yaponiya mámleketindegi kórgizbege qatnasıp kózge tústi. Onıń súwretlew ónerinde jaratılǵan miynetleri ideyası hám tereń mazunı menen basqalardı ayrıqsha ózine tarta baslaydı. Ustazı óz shákirtiniń kishkene bolıwına qaramastan ayrıqsha talant iyesi ekenligin sezedi. Sonlıqtan keleshekte belgili xudojnik bolıp jetilisiwi ushın bilim hám tájiriybelerin jalıqpastan úyretip baradı. Kóp uzamay A. Seytimbetovtıń shıǵarmaları hár qıylı kórgizbelerden orın ala baslaydı. Azat Seytimbetov mektepti tabıslı tamalaǵannan keyin, Nókis qalasındaǵı J.Shamuratov atındaǵı kórkem óner uchilishesiniń bezewshi xudojnik bólimine oqıwǵa túsedi. Bul uchilisheni 1983-jılı tabıslı pitkerip shıǵadı. Uchilishedegi ustazı Jaqsıbay Tólgenov boldı. Ol 1985-jıldan baslap Qaraqalpaq mámleketlik úlke tanıw muzeyinde (házirgi Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi) xudojnik-restavrator bolıp jumıs isley baslaydı. Azat Seytimbetov muzey ekspoziciyasın jańalawda, kórkemlik jaqtan bezetiwde, eksponatlardı restavraciyalap qayta qálpine keltiriwde pidákerlik penen xızmet atqardı. Sonday-aq ol, usı dáwirde muzeydegi milliy miyraslarımızdan tásirlenip, ruxıy azıq alıp bir neshe áhmiyetli kartinalar hám músinler dóretedi. Onıń bul dóretpeleri tariyxımızdı, tábiyatımızdı, milliy mádeniy miyraslarımızdı janlandırıóshı eksponatlar sıpatında muzey ekspoziciyasınan turaqlı orın iyelep kelmekte. Dóretiwshiniń «Ana» atlı shıǵarmasında ananı ómirdiń dawamlılıǵı, miyrim-shápáát hám sabır –taqat simvolı

retinde súwretleydi. Ananıń qolları menen balasın qorǵawı arqalı tereń analıq miyrimdi kórsetip bere alǵan. [3, KP 7437]

Álbette onıń músinshilik shıǵarmaları menen bir qatarda súwretlew ónerinen dóregen bahalı dóretpelerinen bolǵan kartinaları: “Gawir qala” kartinası 1991-jılı, “N. Dáwqaraev” portreti 1993-jılları, “P.Seyitov” hám “M. Jumanazarov” portretleri 1996-jılı, “Amir Temur” portreti 1997-jılları muzeyge tapsırılǵan, sonday-aq “Ya. Dosımov”, “CH. Abdirov”, “G. Sherazieva”, “Sálmen iyshan” portretleri de muzey fondında saqlanbaqta.

Hár qanday xudojniktiń yamasa músinshiniń ózi unatqan teması bolatuǵını tábiyiy. Solay eken, Azat Seytimbetovtı qızıqtırǵan tema kóbinese tábiyatqa, ásirese Aral mashqalasına baǵıshlanadı. Xudojnik bul temada kóplegen shıǵarmalar dóretedi. Máselen: olardan “Ana tábiyat”, “Qıshqırıq”, “Aral qáweteri” hám «Aralım meniń ármanım» degen atamadaǵı músinlerin aytıp ótsek boladı.  Xudojniktiń bul músinleri búgingi kúnde muzeydiń tábiyat bólimi ekspoziciyasının turaqlı orın iyelep, tamashagóylerdiń qızıǵıwshılıǵın, tábiyatqa bolǵan mehir –muxabbatın jánede arttıra túsedi.

Azat Seytimbetovtıń “Aral qáweteri” atlı miyneti óziniń mazumını hám jasalıwı boyınsha tábiyiy túrde jaratılǵan shıǵarma. Bul músin ápiwayı terek tamırınan islengen. Onda qartayǵan balıqshı ǵarrınıń qayǵılı halatı súwretlengen. Músinshi bul jumısında Aral teńiziniń qurıwı aqıbetinde payda bolǵan qıyın jaǵdaylardı qartayǵan balıqshı ǵarrı obrazında kórsetiwge umtılǵan. Músindegi balıqshınıń saqalına qatqan duz hám qolındaǵı nabıt bolıp atırǵan qus arqalı tábiyattaǵı qıyınshılıqlardı, Aral apatshılıǵınıń tásirin anıq súwretlep bere alǵan. [5.KP 6552]

Xudojniktiń «Ana tábiyat» jumısı da kórkem súwretleniw hám jasalıw jaǵınan júdá tereń mazmunǵa iye. Bunda Araldı mehriyban anaǵa teńep, al tábiyattaǵı júz berip atırǵan qıyınshılıqlardı bolsa onıń ayaǵına oratılıp atırǵan jılan tárizinde súwretlep kórsetedi. Músinde kórsetilgen bul jaǵday yaǵnıy Aral teńiziniń qurıwı pútkil dúnya xalıqları ushın qáwipli ekenligin sóz etedi. [4, KP 6849].

Avtordıń «Qıshqırıq» atlı músinshilik jumısı bolsa, júzim aǵashınan islengen. Bul júzim aǵashı tábiyattan sol halatında tabılǵan bolıp, onıń tek ǵana bet álpetine ǵana islew berilgen. Bul miynetinde músindegi qaharmandı óziniń ashınarlı qıshqırıǵı arqalı Aral apatshılıǵı haqqında dúnyaǵa jar salıp turǵanday etip súwretlep kórsetken. [6, KP 10652]

Sonday-aq xudojniktiń shıǵarmaları menen tanısqanımızda onda tek ǵana tábiyat qıyınshılıqların kórip qoymastan, óz gezeginde avtordıń Watanǵa, tuwılǵan jerge bolǵan tereń súyispenshilik sezimlerin kóriw múmkin. Músinshi óziniń bunday dóretiwshilik jumısları arqalı tábiyatımızdı asırap-saqlawga, ondaǵı unamsız jaǵdaylardı saplastırıwǵa úles qosıwǵa hám keleshekke úlken isenim menen qarawǵa shaqıradı. Haqıyqatında da insan tábiyattıń ajıralmas bir bólegi. Tábiyat bul bizdi qorshaǵan ortalıq, onı qásterlew insaniyattıń baslı wazıypası, bunı hár birimiz este saqlawımız tiyis.

Azat Seytimbetovtıń basqa temalardaǵı músinshilik shıǵarmaları da bar. Olar Ǵodalaq (avtor S. Xojaniyazovtıń “súymegenge súykenbe” spektaklindegi Ǵodalaq obrazına baǵıshlanǵan), “Posqan el” shıǵarması (qaraqalpaq folkloristi Jiyen Jırawdıń “posqan el” poemasına baǵıshlanǵan), “Tolqın”, “Diyxan baba”, “láylek”, “Oylanıw” sıyaqlı bir qatar kórnekli miynetleri de muzey xorınan orın alǵan. [2. 141]

Kórip ótkenimizdey Azat Seytimbetovtıń músinshilik jumısları kórkem súwretlew óneri tarawında jaratılǵan insanıylıq sezimlerge tolı, tereń mazmunǵa iye bolǵan bahalı dóretpeler qatarına kiredi. Ol Ózbekstan kórkem óner Akademiyası dóretiwshilik awqamınıń aǵzası. 1993-jılı súwretlew ónerindegi jemisli xızmetleri ushın, Qaraqalpaqstan Jaslar Awqamı sıylıǵınıń jeńimpazı ataǵına iye boldı. Bul talant iyesiniń súwretlew óneriniń músinshilik tarawında dóretken ájayıp miynetleri Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi fondınan ılayıqlı orın iyelep, tamashagóylerdiń dıqqatın tartıp, olar tárepinen joqarı bahalanıp, kópshilik insanlardıń qálbinen ele de tereń orın ala beredi degen úmittemiz.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Allamuratov «Qaraqalpaqstan isskustvosınıń tariyxı» Qaraqalpaqstan baspası 1968-j
2. Aytmuratova «xaykaltarosh A. Seytimbetov ijodida inson qalbi kechinmalari» - «Orta Osiyo tarixi va arxeologiyasi» ilmiy konferenciyasi» Termiz-2023y
3. Seytimbetov «Ana», KP 7437, inv TS-1005
4. Seytimbetov «Ana tábiyat», KP 6849, inv TS-518
5. Seytimbetov «Aral qáweteri», KP 6552, inv TS-519
6. Seytimbetov «Qıshqırıq» KP 10652, inv TS-896